



Charlie Crist
Governor

Ana Viamonte Ros, M.D., M.P.H.
State Surgeon General

Pou Piblikasyon Imedyat
May 2008

Kontakte: Susan Smith
850-245-4111

**** PAPYE ENFOMASYON SOU SIKLÒN TWOPIKA/SIKLÒN****

KISA NOTIS POU BOUYI GLO YE?

TALLAHASSEE – Akòz de inondasyon ak domaj ke siklò twopika/siklòn la fè, Depatman Lasante Laforid la DOH (the Florida Department of Health (DOH) bay yon avètisman anba yon notis pou bouyi glo kòm prekosyon kont glo ki kontamine, patikilyèman glo ki sòti nan pwi prive. Si pwi prive w lan te vin kouvri avèk glo ki kanke, glo w la ka genyen mikwòb ki ka bay maladi, e li pa senesòf pou bwè glo sa yo.

DOH rekòmande ke ou fè yon de prekosyon anba la:

- Bouyi glo avan ke ou itilize li, kite glo an bouyi pou omwens pou yon minit avan ke ou sèvi ak dlo an pou lave veso, bwose dan, lave oubyen prepare manje oubyen fè glas.
- Dezenfekte e trete dlo ak kloròks oubyen grenn dyòd, oubyen melanje wuit gout (1/8 yon ti kiyè) kloròks òdinè ou sèvi nan kay la ki pa gen pafen ladan-l (5.25 pousan sodyòm ipklorit) nan yon galon dlo. Byen melanje solisyon an nan dlo-a, epi kite-l repoze pandan environ trant minit. Men trètman sa-a pa-p touye mikròb parazit yo.
- Sèvi avèk glo nan boutèy, espesyalman pou melanje fòmil tibebe.

Koute anons yo ap bay piblik la sou ki jan rezèv dlo lakomin nan ye. Lè gen inondasyon, yo va bezwen teste epi dezenfekte dlo ki nan pi prive yo apre dlo inondasyon rekile.

Ou ta dwe mande depatman sante lokal oubyen nan eta-a kesyon sou tès la.

Aprè dlo inondasyon rekile:

- Itilize pwosedi ke ou ka jwen nan depatman lokal lasante an pou dezenfekte pwi prive ou an, ou ka jwen yo to nan Depatman Lasante nan <http://www.doh.state.fl.us/environment/water/manual/floodinf.htm>; Ak
- Mande ke depatman lokal lasante 'w lan oubyen yon laboratwa ki sètifye pa Eta an pou yo ka fè yon sondaj analiz pou glo pou bwè an.

Pou plis enfòmasyon, vizite site Dèpatman Lasante a <http://www.doh.state.fl.us> oubyen www.FloridaDisaster.org.

Florida Enfomasyon Ijans Nimewo Telefòn : 1-800-342-3557

Enfòmasyon Piblik Pou sipò fonksyon Ijans : (850)-921-0384

###